Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kugona:

- kutsanangura jechetere (kuenzaniswa kwemikana)
- kujekesa zviri kuitwa nevanhukadzi kuzama kuzvisimudzira mudzimba, mumakereke mumabasa nemunyika.
- kuburitsa basa rechiroora pamusha.
- kutsanangura vachiburitsa zvinorehwa nenyaudzosingwi dzavapihwa.
- kuumba zviverengo nezvisarudzi vachishandisa madzitsi azvo.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Kuenzaniswa kwemikana

### Maitirwo echidzidzo

1. *(Mudzidzisi ngaakwenye musoro wakakodzera.)*
2. Runesu, Simbarashe naIsheunesu.
3. VaMurisi naVaGoho
4. kwamai vaMurisi, VaSichupeti
5. (a) vakange vasingatangike/ kurambisisa.
   (b) shasha kukunda vamwe.
   (c) pakava nekunetsana.
   (d) mvura inonaya yakawanda nguva diki/ gore rinoita kwenguva diki ronayisa mvura yakawanda.
6. “Zvagara vasikana vakachimboendeswa mberi nechikoro here, atonaka zvazvadai, ngaachirorwa”
7. (a) vakan’ara furo rikapupira
   (b) uchadura
8. vainge vaona kuti mwanasikana wavaive vasingade kuendesa kuchikoro ndiye akavachengeta.
9. Pfupiso
   - VaMurisi naVaGoho vaive nevanakomana vatatu naChiedza musikana.
   - vaironga pamwe chete murume ari hurudza.
   - VaMurisi vakaronga kuroodza Chiedza achipedza gore rechinomwe.
   - VaGoho vakashinga kuendesa mwana kuchikoro.
   - VaGoho vanoita maricho kusvika Chiedza apedza fomu yechina.
   - anobatsirwa naVaZiki kuwana bhezari akabhadarirwa kusvika apedza fundo ave chiremba.
   - Chiedza anosimudzira mhuri yake kuti ibudirire.
   - baba wake vanozofara nebudiriro yaChiedza

## B. Zvirungamutauro: Kuumba nyaudzosingwi dzine nhengo dzemiviri

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavanyurure nyaudzosingwi nemadimikira kubva mundima.
2. Vadzidzi ngavatsanangure zvinorehwa nezvirungamutauro zvavadoma.
3. Vadzidzi ngavatsanangure zvinorehwa nenyaudzosingwi dzapiwa.
4. Vadzidzi ngavaumbe madimikira kubva panhengo dzemuviri dzapiwa**.**

# CHITSAUKO 12: KUSHANDIRA MHURI

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi one kuti vadzidzi vave kugona:

- kutsanangura mabasa anoitwa nevanhurume zvose nevanhukadzi pamusha nomubasa.
- kubudisa kushandira pamwe kwemhuri pamufaro pose nomumatambudziko.
- kujekesa matambudziko anosanganikwa nawo pakubatsirana nevehukama, mumabasa nomukurarama.
- kupindura mubvunzo yenzwisiso neChiShona chakadzama.
- kutsanangura zvinobuditswa mugirafu.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Mabasa aVaChikomo paruzevha

**Mhinduro**

1. vaive murairidzi paMupata Primary School.
2. mudzimai ainzi VaVimbai, vana vachinzi Munyaradzi, Sarudzai naChipo.
3. Ruben munun'una vavo.
4. Pakurima, pandufu panhimbe nezvimwe zvose.
5. (i) kana ave kutambura/ nhamo yamushungurudza.
   (ii) vave vaita zvese zvavanogona.
   (iii) kuraira
6. vose vana vavo muchikoro njere rwaiva utata.
7. chirere mangwana chigokurerawo.
8. kubatsirana nevamwe kuita mabasa/ kuriritira hama nekudzitsvakira mabasa/ kubetsera mhuri yavo uye vavakidzani.
9. Pfupiso
   - kuyemurwa kwaMunyaradzi nevanhu.
   - VaChikomo naVaVimbai vaive vadzidzisi, vaibatsira vamwe.
   - munin'ina waVaChikomo Reuben akakundikana muchikoro akachengeterwa vana naVaChikomo.
   - vaibatsirawo mabasa ose emudunhu maMapini.
   - vana vavo vaive nenjere, Munyaradzi akazobudirira ndokutyaira ndege.
   - vasikana nevana vaReuben vakaitawo makosi.
   - Reuben aiti Chikomo akaromba.
   - Munyaradzi akatangawo kubatsira hama nevamwe venharaunda kuti vapinde basa.

## B. Zvirungamutauro: Tsumo

**Maitirwo echidzidzo**

1. Vadzidzi ngavadome tsumo.
2. Vadzidzi ngavatsanangure zvinorehwa netsumo.
3. Vadzidzi ngavaverenge ndima yapiwa, vagopindura mibvunzo.

**Mhinduro**

**Kutsanangura tsumo**

(i) Hapana chinoitwa chakavanzika chisingazobudi pachena.
(ii) Pane dzimwe nguva munhu paanoita zvinonyadzisa zvekuti anodemba kufa.

# CHITSAUKO 14: MIFANANIDZO

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura mifananidzo yakapiwa.
- kunyora rondedzero ine urefu hunotarisirwa.
- kutsanangura mupanda 1-21 nekupa nhoredzera dzayo.
- kunyora rondedzero yemapeji mana yemifananidzo wapuwa.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Nzwisiso yemufananidzo

**Maitirwo echidzidzo**

1. Vadzidzi ngavaongorore mufananidzo wapiwa vagodoma zvavari kuona pamufananidzo.
2. Vadzidzi ngavaite hurukuro mumapoka yekutsvaka mhinduro dzenzwisiso yapiwa.
3. Mudzidzisi batsira vadzidzi nehurukuro.

**Mhinduro**

1. Hapana ari kusekerera/ hapana ari kutaura neumwe/ vamwe kutaridza kuti pane zvavakayeva zvisiri pavakagara.
2. Zvirwere/ kugumira chikoro panzira/ kukurumidza kurambwa/kudzvanyiririrwa nevarume/ kusangana nemhirizhonga nekumbunyikidzwa kwekodzero.
3. Vana vacho vemazuva ano vanonetsa kuraira/ vanomhanyira bonde vachiri vadiki/ zvitendero zvinokanganisa mafungiro evana vazhinji/ havana ruzivo rwekodzero dzavo/ vamwe vanofuririka vasati voziva chakanaka nechakaipa.
4. Nzara/ kuitiswa nhumbu/ nhamo kana kutambura/ kushungurudzwa kudzimba dzavanogara/ kushaya ruzivo/ kushaya fundo.
5. Regai Dzive Shiri, Campaign for Female Education-CAMFED, Plan International.
6. Kubatsira vanotambura uye nherera nekuvaendesa kuchikoro/ kupa vana dzidziso muzvikoro nepamagungano akasiyana-siyana/ kuita misangano yekuraira vechidiki pamusoro pezvirwere, kuzvichengetedza.
7. Murume uyu anofanira kusungwa nekuda kwekumbunyikidza kodzero dzemwana.
8. Kusimbiswa kwemitemo inochengetedza kodzero dzevana/ kudzidzisa vechidiki kodzero dzavo/ kuranga zvakaomarara vanoroodza vana.

*(Mudzidzisi ngaakwenye mhinduro dzakanaka dzanyorwa nevana.)*

## B. Zvirungamutauro: Tsumo, fananidzo nendevo

**Maitirwo echidzidzo**

1. Vadzidzi ngavadome tsumo nefananidzo.
2. Vadzidzi vatsanangure musiyano patsumo, fananidzo nendevo.
3. Hurukuro mumapoka nekunyorwa kwebasa.

**Mhinduro**

1. Kuzadzisa tsumo
   (i) Pabva zino rave vende.
   (ii) Ura mapako hunozvara mbavha nemuroyi.
   (iii) Chafamba kamwe hachiteyewi.

# CHITSAUKO 15: ZVIBATISO MUMATUNHU

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kubudisa zvibatiso zvinoshandiswa mudunhu.
- kutsanangura basa razvo mumatunhu nemumibatanidzwa.
- kutsanangura mutauro nezvivakashure zvemazita.
- kunyora rondedzero vachishandisa zvirungamutauro.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Zvibatiso nemabasa azvo padunhu

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure zviri kubuda pamufananidzo.
2. Kuverenga ndima nekupindura mibvunzo inotevera.
3. Kunyora pfupiso nemashoko asingadarike makumi mashanu.

### Mhinduro

1. matarakita/ makombaini havhesita/ marori/ motokari dzemoto nedzemafuta/ michina yekudiridzira/ ngoro nemagejo/ michina yekukuya dovi/ michina inoruka waya.
2. mushandirapamwe kubatsirana pakuita basa/ kushanda pamwe muchipana mazano/ mari pamapurojekiti.
3. zvibatiso zvemazuva ano zvinorerutsa ndima asi zvekare zvaiita kuti vanhu varwadziwe nekushanda- zvemazuva ano zvinopa goho rakapetwa kazana pane zvepasichigare.
4. mabhodho/ ndiro/ mapoto/ makapu
5. Kutsanangura ndevo dzakashandiswa mundima:
   (a) kushanda makawanda kunorerutsa basa asi pakudyawo panoda chikafu chakawanda.
   (b) vanhu vachibatsirana kuita mabasa.
   (c) midziyo yekushandisa yawanda.
6. mushandirapamwe wakanaka, unongoipira vanhu vakaipa vasingade kuona budiriro yevamwe.
7. Pfungwa dzepfupiso dzinganyorwa;
   - kukosha kwemushandirapamwe pakurerutsa basa.
   - chirongwa chegutsaruzhinji chakaparurwa nehurumende.
   - kupiwa midziyo yekurerutsa basa.
   - kubatsirana kwevanhu pakutenga midziyo yemumba munharaunda dzavo.
   - kusiyana kwegoho kare nanhasi.
   - kushandiswa kwemishina yekudiridzira neyekukohwa.
   - mushandirapamwe unoita pave nekuenzana pane vanowana nevanoshaya.
   - kuvepo kwemishina yemibato yemaoko.
   - kubudirira nekubatana kuburikidza nemushandirapamwe.

## B. Zvirungamutauro: Mazita emadunhurirwa

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavadome mazitadunhurirwa.
2. Vadzidzi ngavatsanangure zvinorehwa nemazitadunhurirwa adomwa.
3. Kunyora basa mumabhuku.

# CHITSAUKO 16: UPFUMI HWENYIKA

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura chinonzi upfumi.
- kujekesa musiyano pakutengesa zvigadzirwa.
- kutsanangura kuti zviwanikwa zviri munyika zvingagadzirwa sei zvichivandudzwa.
- kutsanangura zvindori.
- kubuditsa zvinowanikwa pamusambo wemuzukuru.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Zvigadzirwa

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure zvavari kuona pamufananidzo.
2. Kuverenga ndima nenzwisiso.
3. Vadzidzi ngavaite hurukuro mumapoka vagopindura mibvunzo.

### Mhinduro

1. paruware rwepaMatono.
2. zvirimwa/ zvicherwa.
3. kuwanisa vanhu mabasa/ kuwana mari yakawanda pakutengesa zvinhu zvakavandudzwa/ kugadzira mafuta nembeu dzinogona kushandiswa mwaka unotevera.
4. (a) manyukunyuku.
   (b) zvandauya ndakagukuchira.
   (c) akatiomesa mate mukanwa.
   (d) runyerekupe rwakazenga munzeve.
   (e) zvakarunda nechemberi.
5. (a) kuzvitutumadza/ munhu anoda zvekutaura paruzhinji.
   (b) Chokuda aida basa raakapiwa, aibva ataura nemoyo wese.
   (c) vanhu vakanzwa nezveshoko remusangano.
   (d) kupa munhu basa raanogona.
   (e) nzvimbo yainge yakazarisa.
6. Pfupiso
   - kuenda kumusangano kwaMatono.
   - waive wekuzivisa vanhu nhaurwa dzakabva kumusangano wedunhu raManyanga.
   - Chokuda anotsanangura kukosha kwekuvandudzwa kwezviwanikwa nezvirimwa.
   - hurudziro yekuti vanhu vasatengesa zviwanikwa nezvirimwa zvisina kuvandudzwa.
   - kuwana mari, mabasa uye kuwana mafuta kuburikidza nekuvandudza zvirimwa.
   - VaGosa vakazokurudzirawo vanhu kuti vaone zvinoda kuvandudzwa kumatunhu avo.
   - hurumende yaizokweretesa mari yekugadzira nekuvandudza zviwanikwa.

## B. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure nyaudzosingwi.
2. Vadzidzi ngavanyurure nyaudzosingwi kubva pazvirevo zvakapiwa.

# CHITSAUKO 17: MITEMO MITSVA MUZIMBABWE

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura zvakakoshera dzidzo.
- kutsanangura zvakanakira dzidzo inokurudzirwa mubumbiro idzva rezvidzidzo.
- kutsanangura zvinoreva madimikira.
- kudoma mhando dzemidzi yezviito.
- kuronga tsumo dzine mazwi akasanganiswa.

## A. Nzwisiso nepfupiso

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavaverenge ndima yenzwisiso.
2. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yapiwa.
3. Kunyora pfupiso panguva yavo.

### Mhinduro

1. vakadzi vatatu.
2. chimutsamapfiwa/ barika.
3. hanzvadzi yaHohoho ainzi Chipo.
4. pfungwa yekupereka Tadzei yakakonzerwa nenhamo.
5. kuunganidza vana nekutaura navo nezvemitemo mitsva.
6. (i) vatete vainge vafa vane imba yavo saka Tadzei ndiyo yaaizoshandisa.
   (ii) kuita zvisingaite.
   (iii) mukadzi anonyanya kudiwa pabarika.
   (iv) aiti haaregi zvekuroora umwe mukadzi.
7. mombe dzakasimba zvikuru.
8. (i) aiti chaada obva ati gwizimba nacho.
   (ii) hofori yerume.
   (iii) Hohoho akazobata mazangandari, atatapurana nechimbudzi chine maranga.
   (iv) hurudza.
   (v) semuchirugu chenguruve.

9 Pfupiso
   - Tadzei akaroodzwa achiri mubhuku rechinonwe.
   - Hohoho aive nebarika ndiye akapiwa Tadzei.
   - Tadzei akaita chimutsamapfiwa chatete vake vainge vafa.
   - VaMashizha vaiva murombo nekudaro vakaendesa Tadzei kuti vapiwe mombe.
   - VaMusungwa ndivo vakazomirira Tadzei ndokuendesa nyaya kumatare.
   - Hohoho akasungwa akapiwa makore mashanu mujeri.
   - VaMashizha vakanzi varipe kana kushanda zvakaomarara pachipatara.

## B. Zvirungamutauro: Madimikira

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure kukosha kwemadimikira mumutauro weChiShona.
2. Vadzidzi ngavaumbe madimikira kubva pamazwi apiwa.

# CHITSAUKO 18: ZVINOVARAIDZA VANHU

## Zvinangwa zvechidzidzo

Panoperera chitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura kukosha kwemitambo yakasiyana-siyana.
- kudoma zvakakosherawo mitambo yepasichigare.
- kuedzesera kutamba nekuokera mitambo yakasiyana-siyana.
- kubatanidza zvirevo na 'asi' na 'uye'
- kushandisa mazwi anoreva zvakasiyana asi achinyorwa zvakafanana.

## A. Nzwisiso nepfupiso

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavaverenge ndima yenzwisiso yapiwa.
2. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yapiwa.
3. Kunyora pfupiso munguva yechidzidzo.

### Mhinduro

1. yaive mari yekubheja.
2. usiku, nguva dzechinomwe.
3. akawanawo mukana wekuriona sezvo ainge abva kubasa.
4. madhora mashanu.
5. chikwata cheZimbabwe.
6. (i) bara
   (ii) zvekunzwa nenzeve.
   (iii) rabatwa
   (iv) ndakazongokaruka
   (v) yarakashwa
7. (i) kuona mutambo uchiitwa
   (ii) kushamisa
   (iii) kumirira kuona zvichaitika.
   (iv) kutarisira kuona/ kumirira chinhu zvakanyanya.
   (v) kutamba bhora zvakanyanya.
8. Pfupiso
   - mutambo wenhabvu pakati peLiberia neZimbabwe.
   - kuitwa kwemutambo manheru, Dankie naTemeria vanowanawo mukana wekunoona bhora.
   - kuimba nekufarira mutambo.
   - kubhadhara mari vachipinda.
   - kupemberera kupinda kwevatambi.
   - chikwata cheZimbabwe chinokunda kusvika pavanoenda kunozorora.
   - pavanodzoka Liberia inonwiswa zvimwe zvibodzwa.
   - Zimbabwe inokunda Liberia mumutambo wenhabvu.

# CHITSAUKO 19: NJODZI / TSAONA

## Zvinangwa zvechitsauko

Panoperera chitsauko chino mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura chinonzi tsaona.
- kudoma mhando dzetsaona nezvingaitwe kuderedza tsaona.
- kutsanangura zvinokonzera tsaona uye zvinokonzera netsaona.
- kutsanangura mutauro unoshandiswa pachitorwa.
- kupindura mibvunzo yenzwisiso nepfupiso.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Chakupa chironda

### Maitirwo echidzidzo

1. Kutsanangura zviri kubuda pamufananidzo.
2. Vadzidzi ngavatsanangure nekudoma zvinokonzera tsaona dzemugwagwa.
3. Kuverenga ndima nekupindura mibvunzo.

### Mhinduro

1. Tichaona nemudzimai wake.
2. babamukuru nemwana.
3. mwana
4. Susupenzi ane mukurumbira wekuti chaataura ndicho chinoitwa.
5. Kutsanangura zvinorehwa nemazwi:
   (i) zvatakasiirwa nemadziteteguru.
   (ii) hama dzainge dzatereresa.
   (iii) unhu hwakafanana nehwemadzisekuru.
   (iv) kusanyara.
   (v) kutorerwa munhu aivabatsira/ kufira nemunhu aibatsira mhuri.
6. (i) vachiita mahon’era ekugunun’una.
   (ii) hana chaakasiya, akamudonongorera zvese.
   (iii) vamwe vaingomuti tsvatu waru, zvaiwana ngwarati.
   (iv) zvichamuwanawo akazochema nemapapiro segurwe.
   (v) akange atove mushishi.
7. Pfupiso
   - kugoverwa kwenhaka yaTichaona kwakaitwa naSusupenzi.
   - kufa kwaTichaona nemudzimai wake mutsaona vachisiya Yeukai ari mudiki.
   - Gwedebu anonzi achengete Yeukai opiwa mombe ina.
   - Tipedze anoshora zvekutora fuma yemufi otsiura vanhu asi anotukwa.
   - imba nechigayo zvinotorwa Yeukai ochema achirwadziwa.
   - Tipedze anopira nyaya kuna Chamunorwa aiva gweta.
   - Chamunorwa anomirira Yeukai otsiura vanhu kuti zvekutora pfuma zvinosungisa

# CHITSAUKO 20: DZOKORORO YEPAKATI PEGORE

## Bepa rokutanga: Rondedzero nenzwisiso

### Maitirwo echidzidzo

1. Mudzidzisi ipa vadzidzi bepa rebvunzo.
2. Vadzidzi ngavaite sarudzo yemusoro werondedzero unonyoreka nekupindura mibvunzo vachiteedza rairo kuvanyori.
3. Vadzidzi ngavanyore munguva yapiwa nemudzidzisi, mudzidzisi uchiongorora kunyorwa kwebvunzo.

## Bepa repiri: Zvirungamutauro, misambo nemutauro

### Chikamu A: Zvirungamutauro nemisambo yemutauro

1. Kutsanangura zvinoreva tsumo.
   (a) Zvinhu zvinosanduka/ zvinhu zvinosvika pakupera.
   (b) Munhu anogona kupukunyuka pakawanda asi kana nguva yenjodzi yasvika hapana mutiziro.
   (c) Zvinhu zvinosanduka, aimbove mupfumi anogona kuzoita murombo.
   (d) Zvinhu zvinoitika masikati zvinokanganisa kushanda asi zvinoitika manheru zvinokonesa munhu kurara.
   (e) Ukada kumhanyira kupedza zvinhu, unogona kutozozvikanganisa, ukanonoka kuzvipedza.
   (f) Munhu akashingirira kuita chinhu haashaye mubairo/ chaanobuditsa mukutsungirira kwake.
   (g) Pane zvinhu zvisingashanduke kunyange ukaedza kuzvinatsurudza sei.
2. Zvaakati *pfacha* kusvika pamusha pake, akawana musha wese wakati *ware ware/ unga unga* kuzara nevanhu ndokuti *kanha* kushamisika nazvo. Paakaona vazhinji vavo vachisvimha misodzi, hana yake yakati *bha* kurova. Akazoshinga kumutaurira kuti mwanakomana wake umwe oga Timba ainge arumwa nenyoka akafa ndisekuru vake Chamunorwa iye ndokuti mhere *kwetsu* zvakapisa tsitsi vese vaivepo.
3. (a) Kuve nerurimi runotapira
   (b) Kuteya nzeve/ kuisa zvitanda munzeve.
   (c) Kupura nyemba nemusana.
   (d) Kubatira munhu kunzara.
   (e) Kukwenya mhino nekasiyanwa.
   (f) Kuisa muromo mumhino/ kufumobata jongwe muromo.
   (g) Kuzvisikira moto muziso.
4. (a) Kuruta sebere.
   (b) Kudyirofa sembuwo.
   (c) Kutsvuka seropa.
   (d) Kunanaira serwaivhi.
   (e) Kunyangara sekuseri kwemusha.
   (f) Kuonda serumbuswa/ seshanga.
   (g) Kusviba setsito/ setsubvu dzaibvisa.
5. (a) Nenhamo/ Nedzoi/ Nedzinoparadzanisa.
   (b) Chishava pavarume.
   (c) Mamuka sei/ Marara sei/ Mangwanani.
   (d) Makorokoto.
   (e) Vadzimba.
   (f) Vabati/ Vashumi.

# CHITSAUKO 21: KUZVITONGA KUZERE

## Zvinangwa zvechitsauko

Panoperera chitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kudoma shanduko dzaunzwa nekuzvitonga kuzere.
- kupindura mibvunzo yenzwisiso nepfupiso.
- kuvandurira zviito nechivanduriro chepfumvunuro nemherevedzo.
- kushandisa zvirungamutauro.
- kunyora detembo.

## A. Nzwisiso nepfupiso

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure zvavanoziva pamusoro pehondo yerusununguko.
2. Vadzidzi ngavaverenge ndima yapiwa.
3. Vadzidzi ngavaite basa mumapoka vagopindura mibvunzo yapiwa.

### Mhinduro

1. munhandare yeChipadze.
2. Chogugudza/ mauto
3. kuti vana vasafamba mitunhu inodarika makiromita mashanu vachienda kuchikoro.
4. tusikana twaiita uvhizhuvhizhu/ mauto.
5. Kutsanangura ndevo dzakashandiswa mundima.
   (a) kurira
   (b) munhu ane maitiro ake asingachakwanisi kurega.
   (c) kunakidza zvekuti munhu anopererwa nezvekutaura.
   (d) mashoko aainge akaronga kuudza vanhu.
6. hurumende yakapa mikana kune wese anoda kuti apinde mune zvematongerwe enyika zvisinei kuti mukadzi kana murume/ munhu wese ane makore gumi nesere ane kodzero yokuvhota vachisarudza vatungamiriri vavanoda.
7. kudzidzisa vakoti vakawanda basa rokurapa/ kuvamba chirongwa chekuti mushandi wega wega abatirwe mari inobatsira pakutenga mishonga yevanhu vanorarama nechirwere cheshuramatongo/ kubaya vana majekiseni ekudzivirira vana kuzvirwere zvakasiyana-siyana.
8. vatema vave kukwanisa kurimawo zvirimwa zvavo/ vave kutengesa vachiwana kurarama kuburikidza nekurima.
9. Pfupiso
   - kukwazisa vanoremekedzwa.
   - kutsanangura kukosha kwa18 Bandwe neshanduko dzakaunzwa nekuzvitonga kuzere.
   - kuvakwa kwezvikoro/ mayunivhesiti nemakoreji.
   - kuenzaniswa kwemikana yevakomana nevasikana mune zvedzidzo.
   - kukosheswa kweutano, vakoti vachiwanda, kubatsirwa kwevarwere veshuramatongo nekudzivirira vana kuzvirwere.
   - kuenzaniswa mumabasa nekugoverwa minda uye kupiwa rubatsiro nehurumende.
   - vatema vozviitira mabhizimusi.
   - vanhu vave nemukana wekupinda mune zvematongerwe enyika.

# CHITSAUKO 22: MAPISHAPISHA

## Zvinangwa zvechitsauko

Panoperera chitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura kukosha kweutongi hweushe.
- kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- kunyora pfupiso.
- kuvandurira zviito.
- kushandisa musambo wechivhevhano.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Ijana ranguwo

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavadome dzimba dzoushe dzavanoziva kunharaunda dzavanogara.
2. Vadzidzi ngavaverenge ndima yapiwa vagotsvaka mhinduro dzakanaka dzenzwisiso.
3. Vadzidzi ngavapfupise nyaya yaverengwa nemashoko asingadariki makumi mashanu.

### Mhinduro

1. akahugadzwa naZimhungu mushure mekuratidza ushingi neutopori.
2. dunhu rake vaigara vachiridza ngoma, vachipemberera.
3. vana vake vaiwirirana zvikuru, uye vaive nerudo.
4. vaisaita hondo/ vaitengeserana nekuronzerana mombe zvakanaka.
5. zvaibva kumadzimai avo aiva neruzivasimba neundyire.
6. Kutsanangura ndevo dzakashandiswa mundima:
    (a) murwi akashinga.
    (b) mudunhu make maifarwa.
    (c) kufa, vanhu vakarwadziwa zvikuru.
    (d) mushure mekunge mambo afa, panogadzwa umwe anotungamirira vanhu.
    (e) kugara ushe pakafa baba vake, achimirira kuti pagadzwe mutsivi wekune imwe imba.
7. Dambukai aitaridza kungwarira zveushe saka rwiyo rwaireva kuti pagadzwa umwe akakodzera paumambo.
8. Dambukai aive uno mupangami aiziva shwiro dzose dzeushe hwasekuru vake Chikwenyenye.
9. Pfupiso
    - Chikwenyenye anopiwa ushe naZimhungu paanotaridza ushingi.
    - anoita vanakomana vaviri Kumurai naJangano, vaiwirirana, mudunhu maigarwa murunyararo.
    - Paakafa, ushe hwakapiwa Jangajanga nevanji.
    - kusawirirana pavana vaJangajanga naKumurai.
    - kufa kwaKumurai asina kumbogara umambo, oteverwa naJangajanga.
    - Budzi, mwana waJanga anosanotonga, achifanira kuzosiira Dambukai.
    - kurambira pachigaro zvokonzera kuvengana.
    - kutongwa kwenyaya nemadzishe, Budzi otorerwa umambo pachigadzwa Dambukai.

# CHITSAUKO 23: KUTUMIRA MASHOKO

## Zvinangwa zvechitsauko

Panoperera chitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kudoma nzira dzaishandiswa kare kutumira mashoko.
- kudoma nekutsanangura nzira dzavako dzekutumira mashoko mazuva ano.
- kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- kutara magirafu.
- kuvandurira zviito.

## A. Nzwisiso nepfupiso

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavaverenge ndima yapiwa.
2. Vadzidzi ngavaite mapoka ekutsvaka mhinduro dzakakodzera.
3. Vadzidzi ngavanyore basa mumabhuku avo.

### Mhinduro

1. (*mudzidzisi ngaakwenye mhinduro yakakodzer*a)
2. mafambisirwe emashoko mazuvano.
3. nhume/ hwamanda/ chiutsi/ ngoma/ kusimudza micheka
4. kunyora tsamba
5. watsiapu/ tuwita/ inisitagiramu
6. Kutsanangura ndevo:
    (a) kuseka zvikuru
    (b) kuzvioona zvinhu zvichiitika.
    (c) kushandisa runhare.
    (d) kuvapa runhare rudiki
    (e) kuwana doro rapera
7. nyakuverenga aizoverenga nhema/ yaitora nguva kuti isvike kumuverengi.
8. panenge pafiwa nemunhu mukuru/ mambo.
9. Pfupiso
    - Mandisenga aitaura naChiedza aive kuAmerica parunhare.
    - VaMangachena vanoshamiswa nekufambisa mashoko.
    - kare kwaive nengoma nhume, utsi, hwamanda.
    - shoko rainonoka kusvika, uye mimwe micherechedzo yaisanzwikwa nevose
    - zvakange zvakanakawo nokuti vatema vaigara vakaungana panzvimbo imwe saka mashoko aikurumidza kunzwika
    - pakazotanga dzidzo, kwakatanga kushandiswa tsamba, dzainonotsa kusvitsa mashoko, uye muverengi aigona kukanganisa kuiverenga.
    - mazuvano tsambambozha, runhare, zvotumira matsamba achisvika ipapo, nefakisi, watsiapi, tuwita, inisitagiramu zvinonakidza kushandisa.
    - kupiwa kwaVaMangachena runhare rwekushandisa.

# CHITSAUKO 24: KUGOVA NHAKA

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura kugovewa kwenhaka kwaiitwa kare.
- kuongorora zvinoreva mutemo maringe nenhaka, mubumbiro idzva remutemo.
- kuedzesera misambo yakasiyana yemutauro.
- kuvandurira zviito nezvivanduriro zvakaturikidzaniswa.
- kuedzesera mutambo wekurova guva.

## A. Nzwisiso nepfupiso: VaMushavhi vanodzoswa mumusha

### Maitirwe echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure tsika yekurova guva.
2. Vadzidzi ngavaverenge ndima yapiwa.
3. Vadzidzi ngavaite basa mumapoka.
4. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.

### Mhinduro

1. Nyamavhuvhu
2. mbudzi nemombe
3. kunodya nyama
4. sekuru Chidhika - zvaireva kuti mushakabvu afara nekudaro mutambo waichibva watanga.
5. vakange voziva kuti hapana chichakonesa magadziro uye vaizodya nyama.
6. kudoma mazwi ari mundima anoenderana netsanangure dzapiwa.
   (a) mbudzi yemhutsashungu
   (b) nhomba
   (c) yakanga yakatunga muti.
   (d) mbundurira
   (e) dungwe rongondo
   (f) aturunure
   (g) nyama dzemurandu
7. Pfupiso
   - magadziro aMushavhi, kwaMuroi muna Nyamavhuvhu.
   - kwakaendwa neveukama neveraini.
   - kudira mbudzi yemhutsashungu doro, mutambo wotanga.
   - kuurawa kwembudzi, yodyiwa isina munyu.
   - kunodeketera kumakuva nekudira doro, mambakwedza.
   - vakuru vanodzoka vachiimba mudzimu wobuda pamwanakomana waMushavhi, wovimbisa kutaririrra mhuri.
   - kucharika uta kwamai Chitsvene nekugovewa kwenhaka, vosarudza kuchengeta vana vano vasina kugarwa nhaka.
   - kupiwa murandu kwevanoremekedzwa.

# CHITSAUKO 25: MASHURA NEZVIRATIDZO

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura zvakakoshera zviwanikwa zvemunyika medu.
- kutsanangura zvakakoshera kushanyira nzvimbo dzakakosha vachidziyemura.
- kudoma manzwi anoreva zvakafanana nekumatsanangura.
- kuratidza zviratidza nguva zviri muzviito.

## A. Nzwisiso nepfupiso: PaMasvingo eGovere

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavaongorore mufananidzo wakapiwa vagotaurirana kuti inzvimbo ipi.
2. Vadzidzi ngavaverenge detembo nekupindura mibvunzo inouya pasi paro.
3. Vadzidzi ngavanyore pfupiso.

### Mhinduro

1. akavakwa zvinotaridza unyanzvi hunoshamisa.
2. varume nevakadzi.
3. kuona midhuri mirefurefu yakavakwa pasina dhaka.
4. vaigara muzimudhuri ziendanakuenda.
5. dzairidza hwamanda panguva yenyatwa/ kana paine zvikara kana vasemi kuti vanhu vazvigadzirire kunjodzi.
6. Kutsanangura zvinoreva manzwi:
   (a) mupata unoyenda mugomo.
   (b) nzvimbo yakavakwa yekuti vanhu vatizireko kana paita dambudziko.
7. kutaka/ kuvatema nemabwe avaitora pasvingo.
8. munyori anoona varume navakadzi vachivaka rusvingo kubva pamabwe eruware voenda nawo kuMasvingo vomaturikadzanisa pasina dhaka achiva midhuri mirefurefu.
9. Kutsanangura ndevo:
   (a) kunaya mvura zhinji.
   (b) kufunga zvakanyanya pamusoro pemasvingo eZimbabwe.
   (c) tichizorora.
   (d) kupererwa.
   (e) kuurawa nekutemwa nematombo.
10. Pfupiso
    - kuyevedza kweMasvingo eGovere.
    - ndiko kune muzinda wamambo.
    - pakavakwa nevakadzi nevarume pasina dhaka.
    - vashanyi vanoshamisika kuti mudhuri uyu wakavakwa nevatema.
    - munewo mudhuri waigara vakadzi vamambo.
    - pamusoro pegomo pane chikuva chaigara nharirire dzichiongorora kusvika kwemhandu nezvipuka.
    - vatema vairwisa vavengi nekuvatema nematombo aibva parusvingo rweZimbabwe.

# CHITSAUKO 27: NGATISHAUREI

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kuedzesera nziyo dzakaimbwa nevaimbi vavanofarira.
- kuyedzesera musambo wenzveura.
- kumhan'ara mashoko ataurwa.
- kushandisa zvidudzirazviito zviviri, chemuiti nechenzvimbo.
- kupindura mibvunzo yenzwisiso nepfupiso.

## A. Nzwisiso nepfupiso: Kumakuwerere kuChivhu

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavaverenge ndima yenzwisiso.
2. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.
3. Vadzidzi ngavanyore pfupiso yenyaya yaverengwa.

### Mhinduro

1. kuChivhu
2. kurangarira magamba akarwira nyika.
3. Soujah Love/ Killer T/ Jah Prayzah/ Winky D/ Mai Mashavave/ Baba naMai Charamba/ Mechanic Manyeruke
4. nokuti izuva remagamba
5. mbavha dzinoita shoma/ nyika inowana mari yekunze/ vaimbi vanowana mikana wekufamba pasi rose/ nziyo dznovaraidza dzichibatsira kuti vanhu vasafungisise uye kutamba nziyo kunosimbisisa miviri.
6. vanhu vakauya vari mavhu namarara pekusvipira tikapashaya.
7. anonzwa sekuti ane chipo chekuimba.
8. Kutsanangura ndevo:
   (i) vanoda zvekutamba
   (ii) kunakidzwa zvikuru
   (iii) kuwanda
   (iv) kuva netarisiro yakanyanya
   (v) mimhanzi yemhando dzakasiyana-siyana
9. Pfupiso
   - Terrence anonyora tsamba yekukoka Adore kubira rekurangarira magamba akarwira nyika.
   - kuchauya vaimbi vakawanda. / vanhu vachiripiswa muripo mushoma wekupinda munhandare.
   - kubira uku kunozara nevanhu vakawanda zvekuti vaimbi vanoita mari zhinji.
   - Terrence anodawo kuimba nekuti kune pundutso.
   - vaimbi vanobuda mumapepanhau/ kufamba nyika dzakawanda/ kuwana mabasa nekuoinzwawo vamwe mabasa.
   - umbavha hunoita ushoma uye vanhu vanovaraidzwa nekusimba miri nemimhanzi.
   - kurudziro yekuti Adore auye kubira.

## B. Zvirungamutauro: Fananidzo

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavaverenge ndima yapiwa nemudzidzi vagonyurura fananidzo nenyaudzosingwi dzirimo.

# CHITSAUKO 29: KUDYIDZANA MUHINDANETI

## Zvinangwa zvechitsauko

Pakupera kwechitsauko chino, mudzidzisi ona kuti vadzidzi vave kukwanisa:

- kutsanangura zvakanakira hindaneti.
- kutsanangura zvinobuda pagirafu maringe nekushandiswa kwehindaneti.
- kuumba mazitaumbiridzwa nekutsanangura zvaanoreva.
- kushandisa musambo webembera.
- kuperetera manzwi zvakanaka zvinotarisirwa.

## A. Nzwisiso nepfupiso

### Maitirwo echidzidzo

1. Vadzidzi ngavatsanangure hindaneti uye kudoma zvainoshandiswa
2. Vadzidzi ngavadome midziyo inoshandiswa kuenda pahindaneti.
3. Vadzidzi ngavaverenge ndima nekupindura mibvunzo yenzwisiso.

### Mhinduro

1. pahindaneti.
2. Toyota Hilux
3. kuuya kwemotokari.
4. vanga vanzwa nekudadirwa nevanhu/ vaida kuzomboendawo kunogocha kuMarondera.
5. kuenda Tanzania kunotambira mota dzevanhu.
6. nyika inowana mari zhinji yekunze inouya nevashanyi.
7. vanokwanisa kuwana chavanonyatsoda/ kuwana zvakagadzirwa zvemhando yepamusoro.
8. vave kukweshera makadhi pamishina yekuya kwavanoda kutenga.
9. vanhu havachanyanyi kunoita mudungwe kubhangi/ kusazviremedza nemari.
10. kutenga/ kudzidza.
11. kuwirirana zvikuru.
12. kutumira tsambambozha/ kutumira mari/ kutumirana mifananidzo nehama.
13. Pfupiso
    - Samson anoudza Jacob kuti atenga mota pahindaneti.
    - kukosha kwehindaneti pakurerutsa upenyu hwevanhu.
    - vanhu vowana mabasa.
    - vashanyi vowanda munyika.
    - vemabhizimusi voshambadza mabasa avo, vatengi votengawo zvepamusoro.
    - hama dzotumirana mifananidzo nokutaura nevari mhiri.
    - vanhu vorerukirwa nekutenga nemakadhi.

## B. Zvirungamutauro: Mazitaumbiridzwa

### Maitirwo echidzidzo

1. Mudzidzisi tsanangura mazitaumbiridzwa nekupa mienzaniso.
2. Vadzidzi ngavatsanangure zvaanoreva.
3. Vadzidzi ngavaumbe mazitaumbiridzwa kubva kutsananguro yapiwa.